## ТАСВИРИЙ САЪНАТ

# АКТРИСА БОЛЫП ТУЎЫЛҒАН ИНСАН

***Исмаилова М.***
*Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәдeният институты Нөкис филиалы «Актёр шеберлиги» кафедрасы профессоры*
***Уразмбетова Л.***
*Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәдeният институты Нөкис филиалы «Режиссура көркем өнери » кафедрасы баслығы, доцент.*

**Tayanch so'zlar:** актриса, бадиий санъат, қорақалпоқ халқ артисти, театр, режиссёр, кичик академик театр, қорақалпоқ давлат академик мусиқий театри.

**Ключевые слова:** актриса, художественное искусство, народная артистка Каракалпакии, театральный режиссер, малый академический театр, Каракалпакский государственный академический музыкальный театр.

**Key words:** actress, visual arts, people's Artist of Karakalpakia, theater director, small academic theater, Karakalpak state Academic musical theater.

Қарақалпақ театр көркем өнеринде өзиниң көп-қырлы образлары менен халқымыздың жүрегинен орын алған талантлы актриса, меҳрибан устаз, ҳүрметли ҳажы ана «Қарақалпақстан халық артисти», «Дослық» ордени ийеси Маржан Халмуратова өзиниң театрдағы көп жыллық мийнетлери менен, қарақалпақ театр көркем өнериниң раўажланыўына үлкен үлес қосты.

Маржан апа 1939-жылы 15-июль күни Мойнақ районында туўылды. Жаслайынан көркем өнерге қызығып, мектепте оқып жүрген ўақытларында ҳәўескерлер дөгереклерине қатнасып, спектакльлерде рольлер ойнап көзге түсе баслады. Соң оның көркем өнерге болған қызығыўшылығы Нөкиске – ҳәзирги Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик академиялық музыкалы театрының сахнасына алып келди. Бул 1958- жыл еди.

Театр өнериниң арнаўлы билимине ийе болмасада, ол тәбият инам еткен туўма таланты менен өмирин сахнаға бағышлады. Ол барлық күш жигерин , жүрек йошын, өзи дөреткен жанлы образларда сәўлелендирип, тамашагөйлердиң алғысына, халықтың ҳүрметине мияссар болды. Биз оны сахнада дөреткен образлары арқалы өзимиздиң сүйикли актрисамыз сыпатында таныйтуғын едик.

1976- жыллары қарақалпақ әдебиятының драматургия жанрына жаңа автор кирип келди. Ол Кеңесбай Рахманов еди. Москва малый академиялық театрында режиссёрлардың тәжирийбесин асырыў курсын тамамлап келген режиссёр Нажиматдин Ансатбаев Кеңесбай Рахмановтың «О дүньяға мират» трагикомедиясын сахналастырады ҳәм бас рольлердиң бири Улпери роли Маржан апаға бериледи. Бул автордың пайда болыўы менен қаракалпақ театр өнеринде жаңа автор, жаңа идеялар ашылып, театр дөретиўшилери ушын бурылыс дәўири басланды. Улпери образы Маржан Халмуратова дөретиўшилигиңиң жаңа жылнамасын ашты.

Спектакльдиң авторы-режиссёр болып есапланады, режиссёр актёрлардың дөретиўшилик фантазиясын оятып ҳәм спектакль идеясын ашыўга жол таўып берип, ҳәр актёрдың индивидуал мүмкиншилигин раўажландырып, оны қәлиплестиреди. Театрда актёр, режиссёр ҳәм драматург үш мүйешлиги –деген термин бар. Бирақ художник Ислам Алибековтың спектакль безеўдеги шешимлеринен кейин бул үш мүйешликти төрт мүйешликке айланды десек қәтелеспеген боламыз. «О дүньяға мират» спектаклинде» усы төрт мүйешликти көриўге болар еди: драматург,режиссёр актёр ҳәм художник.

Кенесбай Рахмановтың драмалық шығармаларының сахналастырылыўы менен театрда дөретиўшилер жаңа нәпес ала баслады. Улпери образында – Маржан Халмуратова үлкен художникке айланды. Улпери оқымаған, ақ көкирек, саўаты жоқ, жеңил табылған пулдың қулына айланып өзиниң ана екенин, үй бийкеси екенин есинен шығарған, ол өмирлик жолдасына опасыз ҳаял образы. Бул образды жаратыў процессинде режиссёр Н. Ансатбаев, партнёрлары Карақалпақстан халық артисти Х.Айымбетов, Қарақалпақстан Республикасына хызмет көрсеткен артист Е.Саеекев ҳәр бир репетицияда белсендилик пенен изленди.

Улпери образынан кейин Маржан апа «Урысқа нәлет» трагедиясында Зернегүлдиң образын жаратты. Зернегүл - енди улын үйлендирип, келининиң хызметин көрип атырған ана. Улпери менен Зернегүл характерлери қарама- қарсы персонажлар. Пьесада драматургтың шеберлиги жоқары дәрежеде. Сахналық шығарма драматургияның барлық талапларына жуўап берер дәрежеде шықты. Ўакыя Сапар ата-Шамурат Өтемуратов менен Зернегүл- Маржан Халмуратованың дастурхан басында кемпирин басқылап, шай ишип отырған жеринен басланады. Қарақалпақ халқының кемпир-ғаррыларына тән дәлкек, басқысы тамашагөйди қуўнақлар әлемине жетеклейди. Спектакльде баслы ўақыя – урыс. Автор екинши жәҳән урысын тылдағы бир қарақалпақ шаңарағы арқалы көрсеткен. Еки перзенти урыста қурбан болады, келинин қашқын Бодық пышақлап өлтиреди. Маржан апаның «Зернегүл кемпири» -сада, парасатлы, қарақалпақ халқы-

ның көпти көрген, урыстың аўыр күнлеринде тылдағы адамларға мәдет бериўши аналардың бири. Зернегүл кемпирдиң келининен, үлкен баласынан айрылғаннан кейинги ис ҳәрекети, биринши картинадағы Зернегүлден түптен парық кылады.Енди урыс ақыбетинен шаңарағына түскен мүсийбетке бас иймеген-Ана. Кишкене бир көринисте Зернегүлдиң келини тири ўақтында тоқыған, азғана жери шала қалған жүн шулығын, урысқа жәрдем сорап келген мектеп оқыўшысына берип жибереди, сонда «Келиним тоқып питкере алмаған еди» деген бир аўыз сөзиниң өзинде келини Кариманың өмирден toймай әрманлы кеткенин тамашагөйге жеткерип бере алғаны көринип турыпты. Ўатандарлық урыстың халқымызды ўатанды қәдирлеўге, бир қарыс жеринде душпанға бермеўге күш салғаны спектакльде тамашагөйге жеткерилген.Финал сахнасындағы шаңарағына фашистлер үстинен жеңистиң хош хабары менен генжетай баласының қурбан болғанлығы ҳаққындағы келген қара хат. Спектакльдиң көркемлик жақтан бай болыўында актёрлар ансамблиниң орны өз алдына, усы жерде атап айтыў керек, М.Халмуратованың, Ш.Өтемуратов пенен бирге спектакль даўамында, әсиресе финалдағы ўакыялардағы ис-ҳәрекетин тил менен жеткериў қыйын, олардың ўақыядан-ўақыяға өтиўлери, ҳәр бир ўақыядағы ис-ҳәрекети әпиўайы ҳәм исенимли.

Театр реформаторы Станиславскийдиң айтқанындай «Егер актёр сахнада терлесе, ол художник емес, гәп тек «Физикалық терлеў» ҳаққында емес, өзиниң мәқсетин тамашагөйге ең әпиўайылық, жеңиллик пенен жеткерип бериў керек. Актёрдың жеңил ҳәрекет етиўи, үлкен мийнетлердиң нәтийжеси болып есапланады. Изленип табылған, алдын-ала келисилген тапсырмаларды еркин жеңиллик пенен, имправизаторлық талант пенен, ўақыя тап ҳәзир усы демде тамашагөйдиң алдында болып атырғандай етип көрсетиў- мине усы уқып актёрлық шеберлигиндеги тийкарғы ҳәм ең қыйыны». Демек М.Халмуратова усындай актриса. Спектакльди ҳәр көргенимизде оны мектеп билип, өзлеримизге сабақ алатуғын едик.

С.Хожаниязов, А.Халимовлардың «Сүўмегенге сүйкенбе» музыкалы комедиясында Гүлсәнем образы Маржан апаның бас роли болып есапланады.1978-жылы «Сүўмегенге сүйкенбе» музыкалы комедиясы режиссёр Н. Ансатбаев тәрепинен қайта сахналастырылады. Спектакльдеги бас қаҳарманлар образы қайта трактовка исленеди, бирақ Гүлсанем образы бурын ойнаған Өзбекстан Республикасына хызмет көрсеткен артист Сулыў Алламуратованың ойнаған трактовкасы менен қалды. Себеби Сулыў Алламуратованың – Гүлсәнеми тәкирарланбас дәрежеде, сондай әжайып ҳәм әпиўайы болып, тамашагөйдиң жүрегинен орын алған еди. Шәкирти М.Халмуратова устаз жолын даўам еттирип, пәтияларын алып,

Гүлсәнем ролин қолға алады. Тамашагөй сыпатында мен де (Марьяш Исмаилова) Маржан апаның қызы болып, Айсәнемди ойнасам, деп нийет еткенмен. Нийетим 1982-жылы әмелге асты. Ташкент театр институтын тамамлап келгеннен кейин театрға келип, уллы устаз Алимжан Халимовтан Досберген Ранов, Жолдасбай Сейтқасимов, Бегебай Алланиязов, Маржан Халмуратовалар қатарында сабақ алыў бахтына миясар болдым. Мен Маржан ападан биринши гезекте сахнаны ҳүрмет етиўди, сырттан келгенде екинши тәрепине өтиў ушын сахнаны кесип өтпеў кереклигин өзиме заң етип алдым. Ол бизлерге: «Сахна иләҳий орын, бул сахнада бизди қоллап туратуғын руўхый күш бар, сахна ҳақыйқый сынақ орны, биз актёрлар усы сахнада халыққа хызмет етемиз, халық бизлердиң не айтажағымызды ҳәрекетимизден көрип баҳалайды» деген еди. Музыкалық спектакльлерде ария айтқанда актёр дирижёрға қараўы керек, ария айтқанда даўысы буўылып қалмаў ушын жыламаў керек деген тәртиплери бар, бирақ Маржан апаның сахнада Гүлсәнем менен Айсәнемниң бир дуэтинде оның үлкен сахна шебери екенлиги көринип туратуғын еди. Оның ҳәрекеттен арияға өтиў аралығында ҳеш үзилис сезилмейтуғын еди. Еситиў қәбилетиниң күши сонда музыканы денесиндеги ҳәр бир клеткалары сезетуғын еди. Ол ҳәр бир репетицияны жан тәни менен атқаратуғын еди. Маржан апаның атақ даңқ ушын, ямаса ҳүкимет басшылардың көзине түсиў ушын роль ойнағанын көрмедим. Спектакль жәмийетшиликке көрсетилетуғын ўақытта: «Маған сын көзлери менен ҳәр бир ис-ҳәрекетимнен, сөзимнен кемис излеп галстукларын буўындырып отырып көретуғынлар ушын емес, халық ушын спектакль ойнағанды жақсы көремен, халқым аман болсын» дейтуғын еди. Тамашагөй театрда сезим-туйғыны бастан өткерип ғана қоймайды, ол актёр менен бирге дәртлеседи. Оның менен бирге бирдем болып жасайды. Гейде сондай сыншыллар болады, дөретиўши жәмәәт нешше айлап пьесаның сөзлериниң үстинде «Ийне менен қудық қазып» жумыс ислейди, ҳәр бир сөздиң подтекстин излейди, таўады. Сонша излениў нәтийжесинде спектакль туўылады, бир көрип қәте пикир билдирген театр снышыларынан наразы болатуғын еди ол. Негизинде ҳәр бир көркем өнер ийеси дәстүрий есапланған усылларға тийкарланып, оларды үйренип, соң тек өзине тән дөретиўшилик усыл, яғный метод жаратады. Маржан апа минекей, сондай дөретиўшилерден еди. Театр өнери бәрҳама белсендиликти талап етеди. Егер сахнада, актёр атқарыўшылығында белсендилик болмаса, бул өлик, аморф атқарыў болады. Сахнада тап сыртқы көринистен ҳеш қандай нәрсе жүз бермей атырған жағдайларда да, оның ишки әлеминде күшли, актив ҳәрекет болады. Театрдағы ҳәмме қураллар, нур, сахна қурылмалары, музыка, липас, декорация, грим, реквизит ҳәм басқа компонентлери актёрдың

актив ҳәрекет етиўи ушын хызмет етеди. Олардың ҳәммеси болса, өз нәўбетинде, қурал болыўы менен бирге, шығармада ҳәм актёрда өз сәўлесин табады, қосылысады. Демек, театрда актёр дөретиўши, театр болса, актёр ушын муқәддес жоқары дәргай.

М.Халмуратованың көркем-өнеримизди раўажландырыўға қосқан үлеслери ҳүкиметимиз тәрепинен баҳаланып, 1977-жылы «Қарақалпақстан Республикасына хызмет көрсеткен артист», 1991-жылы «Қарақалпақстан халық артисти» атақлары берилди. 2001-жыл «Дослық» ордени менен сыйлықланды. Оның дөреткен «Сүймегенге сүйкенбе» де - Гүлсәнем, «Жайлаўда той» да – Гулсәнем, «Қәйин ене» де  - Афат, «Келинлер қозғалаңын»да – Фарман биби, «Сақ ғарға сағағынан» да – Нетайхан, «Жаралы жүреклер» де – Зернегул, «Жетинши гәрдиши»нде – Айжамал ҳәм басқа да көплеген спектакльлердеги тәкирарланбас образлары тамашагөйлердиң кеўиллеринде мәңги мөрленип қалды.

М.Халмуратованың  өмирлик жолдасы талантлы режиссёр Кеңес Исаев Қарақалпақстан телевидениесинде хызмет етти. Ол көплеген телепостановкалардың авторы. Өз исиниң маманы, жанкүйер үлкен үлес қосты. Олардың үш ул, еки қызы бар. Маржан апа ҳүрметли дем алысқа шығып балаларының ортасында ақлық шаўылқлардың қызығын көрип атырған дәўиринде сум әжел арамыздан алып кетти. Маржан апаның шәкиртлери  сыпатында устазымызның өлмес образларын яд етип «жатқан жериң жарық болсын актриса болып туўылған қарақалпақ қызы!» - дегимиз келеди.

**Әдебиятлар:**

1. К.Станиславский «Санъатдаги ҳаётим». Бадиий адабиёт нашриёти. Ташкент 1965 й.

2.У. Зуфаров. “Сахна додалаўы ҳәм талқылаў” (Л.Уразмбетова аўдармасы)  Билим баспасы 2015-жыл.

3. М. Жиемуратова, Л. Уразмбетова  “Театр өнери ҳәм көркем образ” //Тараз мемлекеттік педагогикалық университетиниң хабаршысы. – №1 (37) 2019

**РЕЗЮМЕ**

Ушбу мақолада Қорақалпоқ давлат театрида ўзининг кўп қиррали образлари билан халқимизнинг юрагидан ўрин олган талантли актриса, меҳрибон устоз, ҳурматли ҳожи она «Қорақалпоғистон халқ артисти», «Дўслик» ордени совриндори Маржан Халмуратованинг театр сахнасидаги кўпйиллик меҳнатлари ва қорақалпоқ театрнинг ривожланишига қўшган улкан ҳиссаси ҳақида сўз боради.

**РЕЗЮМЕ**

В данной статье рассказывается о Маржан Халмуратовой, талантливой актрисе, доброй учительнице, уважаемой матери-паломнице, «Народной артистке Каракалпакстана», лауреате ордена «Дуслик», покорившей сердца нашего народа своим многогранным характером в каракалпакском языке. Государственного театра, и ее большой вклад в развитие каракалпакского театра.

**SUMMARY**

This article tells about Marzhan Khalmuratova, a talented actress, a kind teacher, a respected pilgrim mother, “People’s Artist of Karakalpakstan”, laureate of the “Duslik” order, who won the hearts of our people with her multifaceted character in the Karakalpak language. State Theater, and her great contribution to the development of the Karakalpak theater.